


RANFOSE KAPASITE AK AMELYORE REZILTA POU TOUT ELEV

Kad pou bonjan lekòl



Kad pou bonjan lekòl *The Framework for Great Schools* se yon chanjman enpòtan nan fason Depatman edikasyon pral kolabore avèk lekòl nou yo.

Kad pou bonjan lekòl la ap -

- Pèmèt distri a devlope yon apwòch konplè ki baze sou rechèch pou sipò ak responsablite lekòl ki òganize ak selebre bagay lekòl fè chak jou. Apwòch nou an ap onore reyalyte ke elèv se pa sèlman yon nòt egzamen.
- Bay lekòl sipò endividyèl ak ankouraje kominote aprantisaj pwofesyonèl.
- Rann lekòl ak sistèm lekòl la responsab pou objektif ranfòse kapasite yo pataje a pou fè elèv reyisi.
- Ranplase espri konpetisyon ak espri kolaborasyon ak etabli yon angajman komen pou amelyorasyon.
- Rasanble ansanm fòs lekòl yo ak kominote yo pou sipòte elèv pandan tout ane lekòl la ak apre.
- Avanse nivo edikasyon an lè nou prepare chak elèv ki gradye nan lekòl leta Vil Nouyòk pou yo kapab an mezi pou fè konkirans nan mache travay 21yèm syèk la.

Pou plis enfòmasyon, ale nan

<https://schools.nyc.gov/framework>

T&I-22208 (Haitian Creole)

SIS ELEMEN KAD POU BONJAN LEKOL

Ansèyman solid

Ansèyman an adapte pou chak elèv, li pou tout elèv, li bay motivasyon, epi li mache avèk Common Core la. Yo etabli nòm nivo wo nan chak salklas. Elèv patisipe yon fason aktif nan aktivite entelekyèl wo nivo, epi yo devlope abitud pou reflechi byen.

Anviwònman espòtif

Lekòl la etabli yon salklas ak yon kilti kote elèv santi yo ansekirite, kote yo jwenn sipò epi pwofesè ak kamarad yo pouse yo travay pi byen.

Pwofesè ki travay an kolaborasyon

Pwofesè pran angajman pou siksè ak amelyorasyon elèv yo ak lekòl yo. Yo gen opòtinite pou patisipe nan fòmasyon pwofesyonèl nan kilti respè ak amelyorasyon ki pa janm kanpe.

Lidèchip lekòl ki efikas

Direktè yo travay kòm egzanp epi ankouraje devlopman pwofesyonèl pwofesè ak estaf, yo devlope ak bay sipò enstriksyon ak sosyoemasyonèl ki mennen elèv nan siksè.

Lyen sere ant fanmi ak kominote a

Lidèchip lekòl pote resous ki soti nan kominote a nan bilding lekòl la lè yo akeyi, ankouraje ak devlope kolaborasyon avèk fanmi, biznis ak òganizasyon kominotè.

Konfyans

Chak moun ap travay nan direksyon objektif nou pataje a pou amelyore rezilta elèv, prepare elèv pou siksè nan lekòl ak pou apre. Atravè kominote lekòl la gen respè. Estaf lekòl la, paran, elèv ak administratè bay youn lòt valè.